

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

# 8YÈM ANE

HAITIAN CREOLE EDITION  
SOCIAL STUDIES—GRADE 8  
DOCUMENT-BASED QUESTIONS,  
BOOKLET 2

## EGZAMEN NIVO ENTÈMEDYÈ SYANS SOSYAL

DEZYÈM TILIV

KESYON KI BAZE SOU YON SERI DOKIMAN (DBQ)

15 JEN 2010

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

Ekri non ou ak non lekòl ou an lèt enprime sou liy ki anwo yo.

Egzamen an gen twa pati. Jodi a w ap pran Pati III egzamen an.

**Pati III** a baze sou plizyè dokiman.

**Seksyon A Pati III** a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Ekri repons ou yo pou chak kesyon nan espas ki la pou sa nan tiliv egzamen sa a.

**Seksyon B Pati III** a gen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv separe pou ekri repons redaksyon an, depi premye paj nan tiliv la.

W ap genyen inèdtan edmi pou reponn **tout** kesyon ki nan Dezyèm Tiliv la epi ekri redaksyon w lan.

**PA OUVRI LIV EGZAMEN AN JISKASKE YO DI OU FÈ SA.**



**Repons kesyon redaksyon an dwe ekri nan tiliv redaksyon separe an.**

**Pati III**

**KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN**

**Kesyon sa a baze sou dokiman yo ki mache avèk li yo. Li fèt pou teste abilte w pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nempòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an.**

**Kontèks Istorik:**

Anvan ane 1865, yon gwo pwoblèm ki te nan Etazini se te enstitisyon esklavaj la. Kèk moun ak gwoup te kont esklavaj la, epi yo t ap ankouraje abolisyon nan plizyè fason. Anmenmtan, gouvènman an t ap fè efò pou fè fas avèk pwoblèm esklavaj la nan lòt fason.

**Sa pou fè:**

Itilize enfòmasyon ki soti nan dokiman yo epi ak konesans ou nan syans sosyal, reponn kesyon yo ki swiv chak dokiman nan Seksyon A a. Repons kesyon yo ap ede w ekri Seksyon B redaksyon an, kote yo ap mande w pou

- Diskite sou efò gouvènman an pou fè fas avèk pwoblèm esklavaj la
- Diskite sou efò endividyèl *ak/oswa* efò gwoup te fè pou fè fas avèk pwoblèm esklavaj la

**Nan devlopman repons ou pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa a:**

**diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi ak reyalyte, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”**

## Pati A

### Kesyon ak Repons Kout

*Enstriksyon:* Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout yo ki swiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.

#### Dokiman 1

. . . *Si li pase nan Sena a ak Chanm Reprezantan Etazini Damerik nan Kongrè ki rasanble a; de la ak apre premye jou mwa janvye a, mil uit-san uit [1808], sa pa dwe legal pou enpòte oswa pou pote nan Etazini oswa nan teritwa ki nan nenpòt wayòm, okenn kote, oswa peyi etranje, nenpòt nèg, nenpòt milat, oswa moun ki pa blan, avèk entansyon pou kenbe, vann, oswa elimine moun nwa a, milat la, oswa moun ki pa blan an, kòm yon esklav, oswa pou kenbe li pou fè sèvis oswa travay. . . .*


Sous: United States Statutes

1 Selon lwa sa a, ki restriksyon Kongrè Etazini an te mete anplas sou esklavaj nan ane 1808? [1]

Score

## Dokiman 2

### Esklavaj nan Teritwa yo, 1854



Sous: Robert A. Divine et al., *America Past and Present: Volume One*, Scott, Foresman 1987 (adapte)

2 Selon kat jeyografik sa a, endike **yon** fason gouvènman Etazini an te fè fas avèk pwoblèm esklavaj la nan teritwa lwès yo. [1]

Score

Dokiman 3

Pyè Tonbal Dred Scott nan St. Louis, Missouri



Sous: Catholic Cemeteries of the Archdiocese of St. Louis

3 Selon enskripsyon sa a, endike **de (2)** rezilta desizyon Lakousiprèm Etazini te pran nan pwosè *Dred Scott*. [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 4a


### EKSTRÈ NAN PWOKLAMASYON EMANSIPASYON PREZIDAN ETAZINI

. . . Nan premye jou janvyè nan mil uit-san swasant-twa [1863] ane Seyè nou an, tout moun yo te kenbe kòm esklav nan nenpòt Eta oswa nan nenpòt kote yo mete apa kòm yon pati nan Eta a, moun ki dwe answit nan rebelyon kont Etazini, dwe answit, apati kounye a, lib pou toutan; epi Gouvènman Egzekitif Etazini, ak fòs lame ak otorite naval ki ladan, ap rekonèt ak pwoteje libète moun sa yo, epitou yo p ap aji oswa yo p ap fè zak pou fè enpoze moun sa yo, oswa nenpòt ladan yo, nan nenpòt efò yo ka fè pou vrè libète yo. . . .

Sous: Library of Congress

## Dokiman 4b

### Aplikasyon Pwoklamasyon Emansipasyon



Sous: Thomas A. Bailey et al., *The American Pageant*, Houghton Mifflin Company (adapte)

4 Selon dokiman sa yo, nan ki zòn Pwoklamasyon Emansipasyon an te gen entansyon pou bay esklav yo libète? [1]

Score

## Dokiman 5

Yo te pibliye ekstrè sa a pou premye fwa nan journal abolisyonis *The North Star* nan dat 3 avril 1851. Ekstrè a diskite sou Lwa Esklav ki Sove Kongrè a te adopte nan dat 18 septanm 1850.

Yo te adopte rezolasyon sa yo nan dènye Konvansyon Sosyete Anti-Esklavaj Lwès New York, ki te fèt nan Corinthian Hall:

Te rezoud [Te aksepte], . . . Moun ki anseye obeyisans pou Lwa sou Esklav ki Sove, alòske yo admèt lwa a enjis, mechan, ak dezonoran, pwouve tèt yo pa genyen prensip moral, si se pa sans moral, epi yo dwe klase yo avèk kreyati ki gen kè di [san pitye] ki, pou kèk dola, ap ranpli fonksyon repiyan ranmasè esklav pou mennen ba mèt esklav yo. . . .

Te rezoud, Nou konsidere Lwa sou Esklav ki Sove dènye Kongrè a kòm yon konspirasyon kont libète peyi nou, ki ta dwe reziste kont tout danje pwopriyete ak lavi, tout moun ki renmen Bondye epi ki bay omaj [onore] a memwa papa revolasyonè nou yo.

5a Selon dokiman sa a, ki **yon** rezon ki fè abolisyonis yo te kont Lwa sou Esklav ki Sove? [1]

Score

b Selon dokiman sa a, idantifye **yon** metòd abolisyonis yo te itilize pou eseye mete yon pwen final nan esklavaj. [1]

Score



## Dokiman 6a

Nan ane 1850 yo, yon pati te se te yon rasanbleman sosyal pou diskite sou pwoblèm piblik enpòtan ak pou ranmase lajan pou kòz sa yo.

**Pa gen Konpwomi avèk Esklavaj!**

**ANTI-ESKLAVAJ**

**Pati Te.**

**SOSYETE ANTI-ESKLAVAJ**  
**MEDAM YO,**  
AP BAY yon Pati Te Sosyal, nan  
**HOWARD UPPER HALL.**  
**Mèkredi, Lavèy Joudlan. 5, 1853.**

Atirans abityèl ki prezante nan okazyon konsa, ap afiche okonplè.  
Zanmi Esklav, Moun ki renmen libète peyi ou, vini pou ede nou!

**ADMISYON 12 1-2 SANTIM.**  
Tikè pou Soupe 37 1-2 Santim.

Sous: Deborah Bingham Van Broekhoven, *The Devotion of These Women: Rhode Island in the Antislavery Network*, University of Massachusetts Press, 2002 (adapte)

## Dokiman 6b

. . . Se fanm sosyab yo ki te pran pi gwo fado rasanbleman siyati pou memoryal [petisyon] yo. Te refize nenpòt vwa aktyèl nan fè gouvènman an fonksyone, anpil fanm te konsidere distribisyon petisyon yo kòm vrè opòtinite yo pou patisipe. Petisyon ki te kòmanse ale nan Kongrè a – premye fwa pa anpil, epi yon pakèt, epi finalman, yon pakèt ak anpil – te jwenn yon kokennchenn kantite siyati sèks ki pi jis [fanm yo]. . . .

Sous: Kevin C. Julius, *The Abolitionist Decade, 1829–1838*, McFarland & Company, 2004

6 Selon dokiman sa yo, endike **de (2)** fason fanm yo te sipòte mouvman abolisyonis lan. [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 7

. . . Narasyon esklav yo [kontrandi pèsonèl esklavaj] te popilè anpil avèk piblik la. Narasyon Frederick Douglass sou *Lavi Frederick Douglass* te vann 30,000 kopi ant ane 1845 ak 1860, Narasyon William Wells Brown *te* pase kat (4) edisyon nan premye ane li, epi *Douz* ane Kòm Esklav Solomon Northup's *te* vann 27,000 kopi pandan de (2) premye ane li nan enprimri. Yo te tradui anpil *narasyon* nan lang Franse, Alman, Olandè, ak Ris.

Anplis piblikasyon narasyon yo, ansyen esklav yo te vin ap fè diskou sou-anti esklavaj epi yo tap vwayaje. Yo te rakonte istwa yo ak asanble moun toupatou nan Nò ak nan Ewòp. Frederick Douglass te pi selèb, lòt moun tankou Sojourner Truth ak William Wells Brown te mete ansanm avèk li. Lòt moun, tankou koup Ellen ak William Crafta - yon koup ki te itilize abilite[entèlijans] ak trik pou yo sove - yo te konn bay diskou tou, men yo pa t kreye yon narasyon ki ekri. Pou asanble moun blan ki pa t janm pètèt wè gason oswa fanm Ameriken Nwa, efè moun atikile [ki pale byen] sa yo k ap rakonte istwa yo te eksitan epitou yo te rale anpil vin nan kòz abolisyonis lan. . . .

Menmsi narasyon esklav yo te popilè anpil, se te yon fanm blanch ki rele Harriet Beecher Stowe ki te ekri dokiman anti-esklavaj ki te rive jwenn pi gran asanble moun. Stowe te mwen menasan pou asanble moun blan yo pase ansyen esklav nwa yo. Mesaj anti-esklavaj li a te sòti sou fòm yon woman, ki te menm pi aksesib pou yon pi gran asanble moun. Woman an te rele *Uncle Tom's Cabin*. . . .

Sous: "Slave Narratives and *Uncle Tom's Cabin*," PBS

7 Selon dokiman sa a, endike **de** (2) metòd moun yo te itilize pou ede aboli esklavaj. [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 8

. . . Avèk pakèt gran bagay ki bò dlo li yo, li genyen yon gran popilasyon Ameriken Nwa ki lib - esklavaj te fini nan New York nan ane 1827 - epitou anpil legliz ki te kont esklavaj ak aktivis li yo, Brooklyn se te yon koneksyon enpòtan sou “chemen libète.” Kèk esklav ki te sove al rete [nan Brooklyn] epi ki te an danje pou yo kenbe yo pou retounen yo bay mèt yo, men pifò te vwayaje pou ale nan Kanada pou plis sekirite.

Paske ede esklav ki sove yo nan Sid la te rete ilegal menm apre eta New York te aboli esklavaj, epi paske te genyen anpil komèsan nan Brooklyn ki apiye esklavaj yo tap fè komès avèk moun nan Sid yo, aktivite yo te ankachèt [an sekre], epi souvan yo te note yo sèlman nan istwa yo te rakonte nan fanmi yo. Dokiman pou konfime an [sipò a] se yon dokiman ki ra. . . .

Sous: John Strausbaugh, “On the Trail of Brooklyn’s Underground Railroad,” *New York Times*,  
October 12, 2007

8 Selon atik sa a ki nan *New York Times*, ki **yon** objektif Wout ankachèt esklav nwa? [1]

---

---

Score

## Pati B

### Redaksyon

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv ki sòti *omwen nan **senk*** dokiman nan redaksyon ou. Sipòte repons ou ak reyalite, egzanp, ak detay ki enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki soti lòt kote.

#### Kontèks Istorik

Anvan ane 1865, yon gwo pwoblèm ki te nan Etazini se te enstitisyon esklavaj la. Kèk moun ak gwoup te kont esklavaj la, epi yo t ap ankouraje abolisyon nan plizyè fason. Anmenmtan, gouvènman an t ap fè efò pou fè fas avèk pwoblèm esklavaj la nan lòt fason.

#### Sa pou fè:

Itilize enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kote w ap

- Diskite sou efò gouvènman an pou fè fas avèk pwoblèm esklavaj la
- Diskite sou efò endividyèl ***akloswa*** efò gwoup te fè pou fè fas avèk pwoblèm esklavaj la

#### Gid:

##### Nan redaksyon ou, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete ladan l enfòmasyon *ki sòti pou pi piti* nan ***senk*** dokiman
- Mete ladan l lòt enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm nan ak reyalite, egzanp, ak detay ki enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan







# GRADE 8 INTERMEDIATE-LEVEL SOCIAL STUDIES HAITIAN CREOLE EDITION

Part I Score	
Part II Score	
Part III A Score	
Total Part I, II, and III A Score	
Part III B Essay Score	
<b>Final Score</b> (obtained from conversion chart) scaled 1–100	